# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–29 मार्च 2024** **भोजपुरी समाचार**

लोकसभा चुनाव क दूसिरा चरण क अधिसूचना कल जारी भइले के सथहीं परचा भरले क परकिरियों भी शुरू हो गइल। हालांकि गुड फ्राइडे क छुट्टी भइले के चलते आजु परचा बेचले अउर भरले क काम नाहि भइल। काल्हि से फेर परचा दाखिला क परकिरिया शुरू हो जाइ। दूसरका चरण में परदेस क आठि लोकसभा सीटन पे चुनाव होई। ऐहमें अमरोहा, मेरठ, बागपत, गाजियाबाद, गौतमबुद्धनगर, बुलंदशहर, अलीगढ़ अउर मथुरा शामिल हउवें। ऐहि आठ सीटन पर चार अपरैल तक परचा दाखिला होई। पांच अपरैल के भरल परचन के जांच होई अउर आठि अपरैल तक नाव वापस लेवल जा सकेला। ऐहि सीटन पर छब्बीस अपरैल के ओट पड़ी।

**********

ऐहि महिना क सतइसे तारिख से लोकसभा चुनाव मे उतरल भारतीय जनता पार्टी क बरीष्ट नेता अउर परदेस क मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु बिजनौर अउर अमरोहा में परबुद्ध सम्मेलनन के संबोधित कइलें। ऐहि सम्मेलनन के जरिया से उहां के परधानमंत्री नरेन्दर मोदी क अगुआइ में तीसरको बार सरकार बनावे बदे ओट दिहले क अपील कइलीं। श्री योगी कहलं कि सज्जो लोगन के एक एक ओट क महतव समझे क पड़ी। एगो गलत ओट से आराजकता फइलेला, बेटिन अउर बयापारिन क सुरक्षा खतिरा में पड़ेला। जबकि जब सही ओट पड़ेला त नवजवानन के रोजगार मिलेला देस क बहुत तेजी से बिकास होला अउर लोगिन के आसथा क भी सम्मान होला। उहां के कहलि कि आजु पूरा देस में परधानमंत्री नरेन्द्र मोदी के कामन क गारंटी गूंज रहल बा। उनिका कारकाल में समाज क हर अदमिन तक सरकार के योजनन क लाभ बिना कउनों भेदभाव मिलल हवे।

**********

लोकसभा चुनाव क ओटर लिस्ट में नाव परचा दाखिला क आखिरी दिने ले जोड़ा सकेला। गोरखपुर क जिला निर्वाचन अधिकारी बतउलन कि जेकर नाव छूटि गइल हौ ऊ ऑनलाइन या कागज वाला दरखास भरि सकेला। दरखास मिलले क बाद नाव जोड़ले में एक हफ्ता क समय लगेला। ऐहि खातिर परचा दाखिला के आखिरी तारिख से एक हफ्ता पहिले दरखास दे देवे के चाहीं। गोरखपुर में सात मई से परचा भरल जाई जवन चौदह मई तक जारी रही। अइसे में ओटर लिस्ट में नाव जोड़वावे क खातिर सात मई तक दरखास दे देवल ठीक रही।

**********

लोकसभा चुनाव में ओट पड़े वाला दिन डियूटी करे वालन बारह तरह क सेवा से जुड़ल करमचारि लोगन क बैलेट से ओट डरले क सुविधा देवल जाई। ऐहमें सूचना अउर जनसम्पर्क विभाग, स्वास्थ्य अउर परिवार कल्याण विभाग आकस्मिक सेवा, एम्बुलेंस सेवा, डाक विभाग, ट्रैफिक पुलिस, रेलवे, बिजली विभाग, नागरिक उड्डयन विभाग, मेट्रो रेल कारपोरेशन, दूरदर्शन, आकाशबाणी, भारत संचार निगम लिमिटेड क कर्मचारियन समेत ओट पड़ला क दिने रिर्पोटिंग करे वाला चुनाव आयोग क तरफ से पास पावे वाला मीडिया क लोग भी शामिल हौ। ऐह बारे में परदेस क मुख्य निर्वाचन अधिकारी नवदीप रिणवा बतउलन कि ऐह बारह तरह के सेवा वालन करमचारिन के फारम बारह डी भरि के अउर अपना विभाग के नोडल अधिकारी से परमाणित करावे के पड़ी । परमाणित फारम चुनाव से जुडल चरण क अधिसूचना जारी भइले के पांच दिन क भीतर रिटर्निंग ऑफिसर के पास जमा करे के होई।

**********

अदालत से सजा पावल बंदी अउर पूर्व विधायक मुख्तार अंसारी क बीतल राति ह्रदय गति रुकले से बांदा जिला क रानी दुर्गावती मेडिकल कॉलेज में निधन हो गइल रहल। ऐहि मामिला में बांदा क मुख्य न्यायिक मजिस्ट्रेट भगवान दास गुप्ता न्यायिक जांचु क आदेश दिहले हैं। अपर मुख्य न्यायिक मजिस्ट्रेट एमपी एमएलए कोर्ट गरिमा सिंह के जांच अधिकारी बनावल गइल हवे। ऐहि बिच्चे मुख्तार अंसारी क निधन के वजह से आजु पूरा परदेस में पुलिस प्रशासन बहुते मुस्तैद रहल।

**********

अजोध्या में पुलिस क लोग मिशन शक्ति क तहत आजु कइगो पार्कन अउर सार्वजनिक स्थानन पर जाके मेहरारून अउर लइकिन के कई तरह के हेल्पलाइन नम्बरन क बारे में जागरुक कइलन। ओह लोगिन के कउनो भी तरह के पुलिस सहायता बदे विमेन पावर लाइन एक शून्य नौ शून्य, यूपी एक सौ बारह, ऑपरेशन कवच एक आठ एक, महिला हेल्पलाइन एक शून्य सात छह, मुख्यमंत्री हेल्पलाइन एक शून्य नौ आठ और साइबर अपराध हेल्पलाइन एक नौ तीन शून्य क बारे में जानकारी दिहलन।

**********

ईसाई समाज क लोग आजु गुड फराइडे क तिउहार मनावत हवें। ईसाइन लोगिन के मानल हवे कि ऐहि दिने ईसा मसीह बुराई खतम करे बदे आपन बलिदान कइले रहलन। ई दिन उनके यादि कइले अउर उनकर पराथना करे के हउवे। गुड फराइडे क दिने आजु गिरजाघरन में कईगो कारिकरम भइल। गोरखपुर क सेंट जोन्स, सेंट एंथोनी, सेंट एंड्रयूज समेत सज्जों गिरजाघरन में ईसाई समाज क लोगि भिनहिए बाइबिल पढ़ि के ईसा मसीह क पूजा कइलन । ऐहि मउका पर ईसाई धर्मगुरु लोगन के ईसा मसीह क ज्ञान अउर परबचन के बारे में बतउलन ।

**********